# INGLIS TILIN OQÍTÍWDA JERGILIKLI MÁDENIYATTÍ ESAPQA ALÍW
(Gardnerdiń motivaciya teoriyası mísalında)

**Orazımbetov Shıńģısbek Ámirbek ulı**
*Nókis innovaciyalıq institutı pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)*
shingisbek@gmail.com

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079200

Búgingi globallasıw dáwirinde inglis tili tek ǵana xalıqaralıq qarım-qatnas quralı emes, al bilimlendiriw, ilim, texnologiya hám biznes tarawlarında áhmiyetli rol atqarmaqta. Inglis tilin úyreniw imkaniyatların keńeytiw tek oqıwshınıń jeke rawajlanıwına emes, al jámiyettiń mádeniy hám ekonomikalıq rawajlanıwına da úlken úles qosadı. Sonlıqtan inglis tilin oqıtıwdıń nátiyjeli jolların ámeliyatqa engiziw boyınsha kóplep jumıslar alıp barılmaqta.

Inglis tilin tabıslı úyreniw ushın oqıwshılardıń motivaciyası áhmiyetli esaplanadı hám sol motivaciyanı asıwırda jergilikli mádeniyattı esapqa alıw oqıwshılardı tilge jaqınlastırıp, olarda tilge bolǵan húrmet hám qızıǵıwshılıqtı arttıradı. Bul arqalı tek ǵana til úyreniw emes, al jergilikli mádeniyattı xalıqaralıq kólemde úgit-násiyatlawǵa úles qosıw múmkin.

Robert Gardner kanadalı belgili psixolog bolıp, ekinshi tildi úyreniw (second language acquisition (SLA)) tarawındaǵı ashılıwları menen tanılǵan. Til úyreniwdegi motivaciya, qatnaslar hám mádeniy tásirler haqqındaǵı izertlewleri ámeliy lingvistika hám bilimlendiriw tarawlarındaǵı izertlewlerdi sezilerli dárejede qáliplestirgen.

Gardner motivaciyanı keń túsinik dep esaplap, ol kognitiv hám affektiv qásiyetlerge iye ekenligin atap ótken. Gardner motivaciyanı tómendegishe táriypleydi: “Shaxstıń tildi úyreniw ushın háreket etiwi yáki umtılıwı, oǵan bolǵan qálewi hám usı xizmet dawamındaǵı tájiriybeden alǵan qanaatlanıw dárejesi” [3].

Bizińshe motivaciya túsinigin minez-qulıqtı belgileytuǵın motivler (mútájlikler, niyetler, maqsetler, qızıǵıwshılıqlar, umtılıwlar) sisteması [7:14]. Sol sebepli motivaciya hár qıylı motivlerden turıwshı túsinik dep esaplaymız.

Jańa tildi úyreniwge baylanıslı “integrativlik” hám “instrumental” motivaciya túsinikleri eń dáslep ótken ásirdıń 50-jılları aqırında Gardner hám Lambert tárepinen qollanılǵan [6:4]. Social-psixologiyalıq sheńberde Gardner bul eki túsinikti til úyreniwshilerde ádette ushırsatuǵın motivaciyalardı túsiniw ushın usınıs etken.

*Integrativlik motivaciya*: úyrenilip atırǵan tilde sóylewshilerdiń mádeniyatına qızıǵıwshılıǵı sebepli tildi úyreniw tilegi. Mısalı, Angliya mádeniyatına bolǵan jeke qızıǵıwshılıq sebepli inglis tilin úyreniw.

*Instrumental motivaciya*: lawazımnıń kóteriliwi yamasa akademiyalıq jetiskenlik sıyaqlı jeke mápler ushın tildi úyreniw tilegi. Mısalı, inglis tilin imtixannan joqarı baha alıw ushın yamasa kóbirek miynet haqı alıw ushın úyreniw.

Gardner bul eki túsinikti ekinshi tildi úyreniwshilerdiń jetiskenligin boljawshı faktorlar sıpatında keltirip, integrativlik motivaciyanı instrumental motivaciyadan jaqsıraq boljawshı faktor dep esaplanǵan [4]. Bunıń sebebi sonda, til úyreniw matematika yamasa basqa pánlerdi úyreniwden parıq qıladı, sebebi tildi úyreniwde tek ǵana kognitivlik hám lingvistikalıq qábilet emes, al úyrenilip atırǵan tildiń sociallıq, tariyxıy, emocionallıq hám mádeniy tárepleri de áhmiyetli bolıp esaplanadı [5].

Bul eki motivaciyalıq túsinikler sociallıq, sıyasıy hám mádeniy dinamikanı esapqa alǵan halda jergilikli mádeniy kontekstlerge maslastırılıwı múmkin. Tómende sońǵı izertlew nátiyjeleri tiykarında ámelge asırılǵan tallaw nátiyjelerin kórip shıǵamız:

Gardnerdiń sociallıq-bilimlendiriw modeli, dáslep Kanada sharayatı ushın islep shıǵılǵan bolsa da, basqa sharayatlarda da maslasıwshańlıq kórsetti. Máselen, qıtaylı xalıqaralıq talabalar arasında integrativlik motivaciya sociallıq-mádeniy maslasıwǵa úlken tásir kórsetken bolsa, aziyalı talabalar arasında bolsa instrumental motivaciya kóbirek ústinlik etken [11:457–471]. Bul parıq túrli sociallıq-ekonomikalıq faktorlar menen baylanıslı.

Integrativlik motivaciya túsinigi qayta táriypleniwdi talap etiwi múmkin. Iran sıyaqlı mámleketlerde izertlewshiler dástúriy integrativlik hám instrumental ayırmashılıqlardı regionnıń sıyasıy hám mádeniy ózine tánligin sáwlelendiriwshi "ideal ózlik" hám "májbúriyat" sıyaqlı ózin-ózi ańlaw túsinikleri menen almastırıw nátiyjeli ekenligin anıqladı [8:101 -124].

BAÁ sıyaqlı mámleketlerde ekonomikalıq hám akademiyalıq rawajlanıw ushın inglis tilin úyreniw zárúrligi instrumental motivaciyanıń ústinligine sebep boladı. Biraq, integrativlik motivaciya mádeniyatlararalıq empatiyanı rawajlandırıwda elege shekem áhmiyetke iye [1:89].

Globallasıw Gardner modeliniń áhmiyetine tásir etedi. Ayırım kontekstlerde integrativlik motivaciyanıń mádeniy baǵdarlanıwı kemirek áhmiyetli ekenligi kórinedi, sebebi oqıwshılar belgili bir mádeniy toparǵa integraciyalasıwdan góre, global hám keńirek mádeniyatlararalıq kompetenciyanı iyelewge umtıladı [2:10-16.].

Kritikler integrativlik hám instrumental túsinikleri qarama-qarsılıǵınan shıǵıwdı, bunın ornına belgilengen maqsetler hám rawajlanıp atırǵan mádeniy óz-ara baylanıslar sıyaqlı dinamikalıq faktorlardı esapqa alıwdı usınıs etedi. Jergilikli hám

individual maqsetlerdi birge alıp barıw motivaciya modelleriniń nátiyjeliligin arttıradı [9].

Mádeniy kontekstler bul motivaciyalardıń qalay payda bolıwına sezilerli tásir kórsetedi. Gardner teoriyasın anıq orınlarga nátiyjeli integraciyalaw ushın oqıtıwshılar tómendegilerdi esapqa alıwın usınıs etemiz:

*Integrativlik motivaciyanı maslastırıw*

Jergilikli mádeniyatta, oqıwshılar maqsetli tildi jergilikli qádiriyatlar, mádeniy miyraslar menen baylanıstırıw arqalı paydalanıw. Mısalı, elimizde inglis tilin oqıtıwda oqıwshılarda qızığıwshılıq hám emocional baylanıslardı oyatıw ushın ózbek yamasa qaraqalpaq dástúrleri hám inglis tilinde sóylesiwshi mámleketler arasındağı mádeniyatlararalıq almasıwdı atap ótiw.

*Instrumental motivaciyanı maslastırıw*

Til úyreniwdi jámiyettiń ózine tán ekonomikalıq hám sociallıq umtılıslarına beyimlestiriwge itibar qaratıladı. Bul kózqaras hár qıylı mádeniy kontekstte ekonomikalıq yamasa jámiyetlik sebepler arqalı adamlardı til úyreniwge motivaciyalaw múmkin ekenligin názerde tutadı, máselen, jumıs orınlarınıń jaqsılanıwı yamasa global bazarlarğa kiriw imkanı.

Mádeniy kontekstte maslasıw global lingvistikalıq normalar hám jergilikli dástúrlerdiń óz-ara baylanısın bekkemlep, oqıwshılarda óz mádeniy ózligin ańlawdı rawajlandıradı hám hár qıylı mádeniyatlar arasındağı túsinisiwdi kúsheytedi. Sonday-aq, ol oqıwshılarda júzege keliwi múmkin bolğan jatlasıw sezimin de joq etedi.

Juwmaqlap aytqanda, inglis tilin úyreniwge jergilikli mádeniyattı integraciyalaw tek ğana Gardnerdiń motivaciya teoriyasın qollap-quwatlap qoymay, al mádeniy inklyuzivlik hám nátiyjeli pedagogika ushın jol ashadı. Gardnerdiń izertlewleri psixologiya, lingvistika hám bilimlendiriw arasındağı boslıqlardı toltırıp, til úyreniwde mádeniy integraciya hám onı ámeliy qollanıwdıń áhmiyetin atap ótti. Integrativlik hám instrumental motivler universal qollanılıw múmkinshiligine iye, degen menen jergilikli mádeniyat ózgeshelikleri sheńberinde óz aldına itibar talap etedi.

**Paydalanılğan ádebiyatlar**

1. Al-Ta’ani, M.H. (2018). Integrative and Instrumental Motivations for Learning English as a University Requirement among Undergraduate Students at Al-Jazeera University/Dubai. International Journal of Learning and Development 8(4):89. https://doi.org/10.5296/ijld.v8i4.13940
2. Azadipour, S. (2013). Cultural Motivation and Its Impact on Foreign Language Learning in Globalizing World. International Journal of Foreign Language Teaching and Research, 1,
3. Gardner, R. C. (1985). Social psychology and second language learning: The role of attitudes and motivation. https://doi.org/10.1016/0346-251X(87)90081-9

4. Gardner, R.C. and Lambert, W.E., 1959. Motivational variables in second-language acquisition. Canadian Journal of Psychology/Revue canadienne de psychologie, 73(4)
5. Kramsch, C., 2001. Beyond the second vs foreign language dichotomy: The subjective dimensions of language learning. Paper presented at the conference on Unity and Diversity in Language Use, University of Reading.
6. Lamb, M., 2004. Integrative motivation in a globalizing world. System, 32(1).
7. Orazımbetov Sh.A. Oqıwshılardıń inglis tilin úyreniw motivaciyasın asırıwda oqıw materiallarında mádeniyatlararalıq ádisti qollanıw (ulıwma orta bilimlendiriw mektepleriniń 8-qaraqalpaq klassları mısalında). p.i.f.d. (PhD) dissertaciyası: 13.00.02 – Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası (inglis tili). – Nókis, 2024.
8. Rashidi, N., Rahimi, M., & Alimorad, Z. (2013). Iranian EFL learners’ motivation construction: Integrative motivation revisited. Issues in Language Teaching, 2(1)
9. Rubrecht, B. (2007). Expanding the Gardnerian model of motivation
10. Shingisbek, O., & Bibiruza, Q. (2021). L1 as a means of motivation in teaching young (1–4 grades) EFL learners. ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal, 11(8), 111-114.
11. Yu, B., & Downing, K. (2012). Determinants of international students' adaptation: Examining effects of integrative motivation, instrumental motivation and second language proficiency. Educational Studies, 38(4), 457–471. https://doi.org/10.1080/03055698.2011.643111